

Kijan pou aplike epi utilize asirans sante nan **Affordable Care Act** **Marketplace**

Ou ka enskri pou asirans sante a sou sit entènèt oswa ak yon **apèl telefòn**.

Ale sou sit entènèt www.healthcare.gov oswa rele nimewo ki sou do fèy sa pou ou ka jwenn asistans.

**Asistans disponib an lang Kreyòl Ayisyen
pou ou.**

Kilè mwen ka enskri?

Ou kapab enskri pou asirans sante nan ACA marketplace nan kèk moman nan ane a.

Enskripsyon an ouvè pou tout moun nan peryòd ki soti **1 Novanm pou rive 15 Janvye**. Si ou enskri anvan 15 Desanm, ou ap kòmanse benefisye asirans sante ou a 1 Janvye - kidonk enskri san pèdi tan.

Pandan lòt moman nan ane a, ou ka toujou enskri si sikorans lavi ou chanje—pa egzanp, si ou ale abite nan yon lòt zòn oswa ou marye. Rele nimewo a pou ou konnen si ou kalifye!



Kisa mwen ta dwe pote?

Pou ou enskri nan asirans sante, ou bezwen tout bagay sa yo:

- ✓ Yon dokiman pou pwouve estati imigrasyon ou. Tankou: yon kat vèt, dokiman refijye, viza, oswa otorizasyon travay.
- ✓ Yon dokiman pou pwouve lajan ou ap rantre. Tankou: dènye chèk ou resevwa (pay stub), ansyen fòmilè taks ou, oswa yon lèt ki pwouve ou resevwa benefis poutèt ou nan chomaj (employment benefits).
- ✓ Adrès ou
- ✓ Kontak konpayi kote w ap travay la, si ou genyen li.
- ✓ Nenpòt enfòmasyon sou asirans sante ou genyen kounye a, si ou genyen li.

Si ou vle enskri fanmi ou nan asirans sante, fòk ou bay enfòmasyon pou yo tou.

Mwen fèk enskri. Ki kote mwen ka itilize asirans mwen an?

Ou itilize asirans sante ou lè ou ale kay doktè oswa lè ou vizite yon klinik sante. Men, se pa tout doktè ki aksepte tout kalite asirans sante. Mande doktè a si li aksepte asirans sante ou lè ou rele pou ou pran yon randevou. Si yo pa aksepte asirans sante ou, gen anpil chans pou yo fè ou paye pri vizit la.

Kòman mwen ka peye pou asirans sante?

Gen 3 bagay enpòtan ou dwe konnen!

1. Gen 3 bagay enpòtan ou konnen!

→ Li rele “premyòm”.

Yon premyòm se yon ti kantite lajan ou peye chak mwa pou asirans sante ou a.

2. Chak fwa ou ale kay doktè, ou peye yon pri fiks - anjeneral li ant 20 - 25 dola.

→ Yo rele sa “kopeman.”

3. Lè ou ale kay doktè oswa lopital, ou ka oblige peye yon sèten montan anvan asirans peye pou rès swen medikal ou.

→ Montan sa a rele yon “dediktib.”

Chak plan gen opsyon diferan. Rele nimewo ki sou do paj sa pou nou ka ede ou chwazi pi bon opsyon pou ou menm ak fanmi ou.

ENPÒTAN

Si ou gen ACA marketplace insurance
oswa Medicaid, resevwa sipò finansye,
sa pa afekte abilite ou genyen pou vini
yon rezidan pèmanan legalman oswa yon
sitwayen Ameriken.

Espas vid pou enfòmasyon/resous lokal yo

Ale sou sit www.healthcare.gov oswa rele
nivewo sa 1-800-318-2596
Asistans Disponib nan lang Kreyòl Ayisyen.

